

# ХитIаб (обращение)
# 5 класс

*ХIадур гьабуна*

*Шангъода гьоркьохъеб школалъул мугIалим: АхIмадова Аксират МухIамадгIалиевналъ*





# Творческияб диктант

- Гьал рагIабазе тайпа цоял членалги ургъун, предложениял гIуцIе ва хъвай, лъалхъул ишараби лъе.

1. Рукъалъул хIайванал.
2. ГIалхул хIайванал.
3. Пихъал.
4. Овощал.
5. Хьитал.
6. Дагъистаналъул шагьарал.





# Халгьабиялъул тест

1. **Подлежащеялъе кинал суалал лъоларел?**

   а) лъил? Сундул?

   б) лъица? Сунца?

   в) лъие? сундуе?

2. **Подлежащеялъ гьабулеб иш бицунеб бетIераб член … ккола.**

   а) сказуемое

   б) битIараб дополнение

   в) определение

3. **Сказуемоялъ бицунеб иш жинда тIаде кколеб член …ккола.**

   а) подлежащее

   б) битIараб дополнение

   в) определение

4. **Определениялъ щиб бихьизабулеб?**

   а) предмет

   б) предметалъул сипат- сурат

   в) предметалъ гьабулеб иш.

5. **Хъвалсараб дополнение кинал суалазе жавабалъун бачIунеб?**

   а) аслияб падежалъул суалазе.

   б) аслиял гурел падежасул суалазе.

   в) Кинав? Кинай? Кинаб? Кинал? абурал суалазе.

6.





- Предложениялъул членазде биххе. Лъалхъул ишараби лъе.
- **Подлежащее сказуемое битIараб дополнение определение хIал предложениялъул членал ккола.**
- Тайпа цоял членал сунда абулеб?
- Тайпа цоял членал цоцада ран рукIунищ?
- Кинал предложениялъул членал ккезе бегьулел тайпа цоял членаллъун?





**Лъимал,** нилъ жакъа музеялде ине руго.

Мун щай дарсиде кватIарав, **МухIамад**?

Лъимал, МухIамад – рагIаби щай батIа гьарун ругел?

Сунда абулеб **хитIаб?**

**(ХитIаб абула нилъ лъида, ялъуни сунда кIалъалел ругелали бихьизабулеб ра[illegible])**







- **МухIамад,** дуца щай кIийилаб босараб?
- Щай дуца кIийилаб босараб**, МухIамад?**
- Щай**, МухIамад,** дуца кIийилаб босараб?

**- ХитIаб предложениялъул авалалда бугони, гьелда хадуб запятая лъола, ахиралда бугони, цебе лъола, гьоркьоб бугони, к1иябго рахъалда лъола.**







# Предложениял цӀале. ХитӀабал рате.

1.ВахӀ Казбич, унго дур чодул цӀакълъи. 2. Хирияв гьудул, мун кидаго махсараби гьарулев вукӀуна. 3. Воре, ГӀабдулкъадир, мун гӀедегӀуге. 4. Гьале, бихьулищ дуда, АхӀмад, къватӀал тириялъул зарар. 5. ХӀасан, щиб къваригӀун мун гьениве ваккарулев вугев тӀубараб къоялъ? 6. Нилъ гьелде регӀун гьечӀо, ПатӀимат.





# Дарс щула гьаби

- *Лъимал тӀехьгун хӀалтӀизе тӀамила.*

**1) ХӀалтӀи 175, гьум. 60. (Ролазде бикьун цӀализе. ХитӀабал ратизе. Гьел предложениялъул аваналдайищ, гьоркьорищ, ахиралдайищ ккун ругелали бицине)**

**2) ХӀалтӀи № 178, тетрадазда хъвазе.**





# Дарсил хIасилал гьари.

- **Бокьанищ нужее, лъимал, дарс?**
- **Щиб нужеда лъараб жакъасеб дарсида?**
- **Бищунго цIакъ щиб ракIалда чIараб?**
- **- ХитIаб сунда абулеб?**




# Рокъобе хIалтIи

- **§ 24**
- ***ХIалтIи 185, 186***

**Къо-мех лъикI!!!**





# Интернет-источники

- http://wallpapera.ru/images/trueimg/originals/32/2155F9B1DA81-32.jpg – фон
- https://cdn.pixabay.com/photo/2016/03/31/15/28/draw-1293329_640.png - ручка
- http://bereznaschool.inf.ua/images/images/rules.gif - учебник



